

Curley K-8 School



Manyèl enfòmasyon pou Paran 2018-2019

Upper School
493 Centre Street
617-635-8176

Lower School
40 Pershing Road
617-635-8239

Sitwèb Curley K-8 School - www.curleyk8.com

27 septanm 2018

Chè Paran/Gadyen yo,

Byenveni nan Curley K-8 School! Pèsonèl Curley ak mwenmenm kontan anpil dèske ou fè pati kominote lekòl nou an. Jan li endike nan deklarasyon vizyon nou, *“Nan Curley K-8 School nou sousye de noumenm, youn pou lòt ak pou kominote nou an. Grasa travay ann ekip, itilizasyon done, pratik ansèyman angajan, ak sipò kominote a, elèv nou yo ap reyalize siksè akademik ak sosyal.”*

Paj nan liv enfòmasyon sa a chaje ak enfòmasyon enpòtan konsènan règleman ak pwosedi lekòl yo. Paran yo ak elèv yo dwe egzamine kontni an ansanm. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte biwo lekòl la (617-635-8239 oswa 617-635-8176). Nou gen konviksyon ke kominikasyon onèt ak klè enpòtan pou siksè pwogram edikasyonèl nou an. Paran Curley yo se patnè nou nan travay enpòtan edikasyon timoun yo nan kominote nou an.

Nan premye jou lekòl pwofesè timoun ou an ap voye lakay ou kèk dokiman enpòtan anpil nan yon dosye kominikasyon ke ou dwe egzamine ak timoun ou an, siyen epi voye tounen dèke posib. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite kontakte lekòl la.

Sensèman,

Katie Grassa
Direktè

Curley K-8 School Kòd Konduit

Ane sa a fakilte nou pral kontinye aplike sipò konpòtman pozitif inivèsèl (PBIS) pou asire ke tout elèv yo resevwa ansèyman klè ak regilye sou valè fondamantal nou yo pandan tout jounen lekòl la ak chak ane nan Curley. Nou kwè atoutfòs ke ansèyman toutaklè sou konpetans sosyal emosyonèl se yon pati enpòtan anpil nan eksperyans aprantisaj nan chak nivo klas.

Nou gen twa atant komen nou anseye elèv yo:



Pèsonèl Curley K-8

K1	K2	Klas 1yè ane	Klas 2yèm ane	Klas 3yèm ane
Laura Merdckhanian Jeannie Park Hoda Hindeyeh/Eva Banks Jenny Goldstein	Traka Smith Carolyn Silva-Sanchez Emily Beck Laura Shea Elaine Cronin	Jenni Craman Sara Silverstein Laurie Ciardi Helenia Solomini Janet McDavitt Elaine Cronin Maureen Cullen Peter Mullin	Connie Redden Christina Burke Paola Locke Waverly Kidd Patty Garcia Peter Mullin	Konstantinos Petmezis Heide Signes Nelly Rivera Deirdre Anderson Joanne Mylett Laura Negoshian Julia Badiali
Klas 4yèm ane	Klas 5yèm ane	Klas 6yèm ane	Klas 7/8yèm ane	Ansèyman Anglè (Sheltered English Immersion) 6-8
Lindsey Wright Meron Tefera Brandi Phillips Laura Strait Leida Arroyo Teresa Javaloyes Audra Bowsky	Debbie Bryson Linda Solomon-Key Kate Davis Danielle Moran Kim Daly Alicia Green Gennaro Theresa Brophy	Sharon Ennis Amy Lieberman Nora Ricketts Sylvia Rua Annette Beaudrault Danielle West Colin McDougall Sara Quatrale	Craig Melzer Alissa Ferro Rozelta Boyd Tracy Young Olivia Peters Annette Beaudrault	Maria Amy-Moreno Nina Wessen Jordi Lotito
Elèv gen edikasyon ofisyèl ki limite oswa ki entèwonp (Students with Limited or Interrupted Formal Education, SLIFE)	Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL)	Remedyasyon Sosyal ak Akademik 6-8 (Social & Academic Remediation, SAR)	Pwofesè Espesyalize nan Analiz Konpòtman	Antrenè
Candida Mundo Leah Travers	Peter Mullin Charles Tewksbury Viola Pike	Kiki Iatrou Dawn Avery Lesley Peck-Oser	Kristen Mitchell Taylor Bresnahan Katie Baulier Erin Devine Hadley Keohane Kristin Clark Kandi Quarterson Tristan Maiden	Liz Spring - PACE Cassie Mountain - PACE Meg Nason - Enklizyon Caitlyn Gable - Literacy K-2 Eileen Cronin- Literacy 3-8
Analiz Konpòtman Aplike	Itineran	Parapwofesyonèl	Monitè manje midi	Espesyalis
Kafunda Banks Jenn Cuartas Jackie Felteau Erin Fitzpatrick Kristen Haws Carlos Marin Amanda Quimby Laurie Shapiro Drew Belsinger Emily Whipper	Regan Andrade - SLP Debra Aviles - MTDHH Wendelyn Carruthers - SLP Suzanne Demarco - SLP Christine Fry - OT Jonathan Hatch - SLP Gloria Herrera - OT Kim Lee - SLP Ellen McCrave - PT Jennifer Richards - SLP Mark Spolidoro - APE Diana Rosero - SLP Kelly Van Clief - OT Valerie Mantis - TVI Meghan Aycock - O&M	Michelle Andrade-K2 Michelle Araujo-ABA Shauna Bennett-K1 Geju Brown-SAR Andria Butler-4yèm Clelia Camacho-K1 Torri Canada- ABA Monica Cawley-ABA Jeanette Ellis-ABA Arleta Faulkner- ABA Patricia Freeman- ABA Adalberto Guerrero- ABA Marietje Halbertsma- K1 Maria Kamberidis- ABA Cara Macdonald- ABA Katelyn McImey- ABA Erica Mercado- SAR Maryclare Moran- SAR Maria Navarro- SAR Angela O'Neil- ABA Blanca Pereira- SAR Janina Rickard-Vickers- ABA S. Reid- ABA	Maritza Bonilla Margarita Cruz Marcia Mello Princess Ortega Gladys Rodriguez Elaine Simmons Claudia Viaud Keon Hill Hazel Hernandez	Anna Youman - Atizay Peter Pizzi- Atizay April Bello- Atizay Emanuela Alves - Mizik Melanie Bourgeault - Mizik Kim Taylor Knight - Dans Ava Untermyer- Dans Michael Bertoni - Edikasyon fizik Adrience Dancy - Edikasyon fizik John DePalm - Edikasyon fizik Mark Righini - Edikasyon fizik Linda Griffith Genet Mehari - Syans

		Noris Rosado- K1 Mary Ryan- K1 Janise Colon - ABA Mary Thomas - ABA Lourdes Vasquez- K2 Nubea Martorell -ABA Sharon Bellenis - ABA Katie Pulsifer - ABA Tim Konowski - ABA Blanca Pereira - SAR Lindsey Deneault - K2 Julie White - ABA		
Konsèy	Enfimyè	Edikasyon Espesyal	Biwo Prensipal	Administratè
Sugeily Santos Klas 4-8 Cristina Silva K-3	April Pumphret Keilah Santana	Jessica Burque K-3 & ASD Renee Ward Klas 4-8 & SAR	Kathleen Powers - Lower School Madeline Vazquez - Upper School	Katie Grassa - <i>Direktè</i> David Diaz - <i>Asistan Direktè</i> Adrian Ward-Jackson - <i>Direktè Devlopman ak Ankèt</i> <i>Pwofesyonèl</i> Lindsey Morgan - <i>Direktè</i> <i>Done, Devlopman ak Kilti</i>

Orè Lekòl la: Lè fonksyonman nou pou 2018-2019 se 8:30-3:10 PM pou tout elèv yo. Tout elèv dwe nan lekòl la pare pou aprann oplita 8:30 AM. Règleman sa a ap aplike nan fason estrik.

Preparasyon pou Lekòl: Lè elèv yo ap vin lekòl chak jou, tanpri asire yo gen tout sa yo bezwen pou jounen yo nan lekòl la: sak liv, liv, devwa, papye siyen, elatriye. Tanpri, pa kite timoun ou an pote jwèt pèsònèl oswa aparèy elektwonik nan lekòl la. Tout bagay pèsònèl yo dwe make aklè avèk non timoun ou an . Tanpri, pote nan biwo a manje midi, liv, lajan, elatriye ke yo bliye pou evite deranje klas yo.

Premye jou lekòl pou Kindègaden: Depoze elèv ou an pou premye jou lekòl kapab yon moman ki gen anpil estrès ak emosyon pou elèv yo ak fanmi yo. Nou mande pou paran yo pa antre nan bilding lan pandan premye semèn lekòl la. Pwofesè K0, K1 & K2 ap nan lakou deyò a sou Pershing Road devan salklas K1 yo pou rankontre elèv yo.

Arive: Timoun ki mache pou vin lekòl oswa ke paran yo mennen lekòl dwe rive nan lekòl la apati 8:15 AM. Y ap sipèvize timoun nan bilding lan apati 8:15. **Sizoka elèv yo rive anvan 8:15, yo dwe ale nan pwogram anvan lekòl la.** Règleman sa a anplas pou asire sekirite timoun ou yo. Elèv ki rive anvan lekòl (ant 7:00 ak 8:15 AM) dwe vini pòt

devan an epi anrejistre nan biwo prensipal la. Depi yon elèv antre nan lakou lekòl la, yo p ap pèmèt li ale. Paran ki vle rankontre avèk pwofesè timoun yo oswa pale ak timoun yo pandan jounen lekòl la, DWE anrejistre nan biwo prensipal la anvan. Paran/gadyen ki ale nan salklas timoun yo dwe mete yon lesepase pou vizitè. Vyolasyon règ sekirite enpòtan sa a ka lakòz yon konferans paran.

Lage lekòl: Y ap lage elèv a 3:10 PM. **Yo pa dwe vin pran elèv yo anvan lè sa a sof si yo gen yon randevou medikal oswa ijans nan fanmi.** Paran yo dwe tann jiskaske lekòl lage pou rankontre timoun yo deyò pòt devan an epi yo dwe siyen anvan pou yo ka pran timoun yo . Si li nesèsè pou yon timoun kite lekòl ak yon lòt ki pa paran/gadyen legal imedyat la, li dwe gen otorizasyon alekri epi li dwe montre pyès idantite ki gen foto nan moman li vin pran timoun lan. Nòt la dwe gen ladan a ki lè, rezon ki fè y ap pran timoun lan ak nimewo telefòn kote yo ka kontakte paran/gadyen legal la. **Tout timoun k ap lage pi bonè dwe pase pa biwo a pou rezon sekirite. Tanpri konnen: nou pa kapab voye yon timoun lakay li avèk yon moun ki poko gen 18 an.**

Plas pou lage lekòl:

K0/K1: Timoun k ap mache yo dwe rankontre nan lakou a devan salklas K1 yo sou Pershing Road.

Klas K2 ak 1yè ane: Timoun k ap mache yo dwe rankontre nan pòt sou kote bò teren jwèt la sou Pershing Road.

Klas 2yèm ak 3yèm ane: Timoun k ap mache yo dwe rankontre bò pòtay la sou Centre Street.

Klas 4-8yèm ane: Yo lage timoun k ap mache yo nan antre prensipal la nan Centre Street.

Frè ak sè k ap mache: Si ou gen yon elèv ki nan klas 2-3yèm ane ak yon elèv nan klas K1-1, tanpri fè pwofesè yo konnen sa nan kòmansman ane a epi yon pwofesè kapab rankontre ak elèv ki pi gran an epi lage frè ak sè k ap mache yo sou Pershing Road.

Absans ak Reta: Prezans ekselan enpòtan anpil pou reyisi nan lekòl. Yo atann pou tout elèv prezans regilyèman, sof nan ka maladi ak sikonstans espesyal, epi yo pral itilize sa pou detèmine pwomosyon pou pwochen klas la. Yon nòt paran ki siyen epi ki gen dat obligatwa pou eksplike rezon pou absans oswa reta lekòl la pou absans lan ka motive. Si elèv yo absan 2 jou oswa plis youn dèyè lèt, yo ka egzije e yon nòt doktè. Elèv ki absan plis pase 4 jou san motif nan nenpòt peryòd notasyon regilye ka pa resevwa yon okenn kredi sou kanè yo oswa yo ka gen yon nòt echèk, dapre ranman lekòl. Apre 3 absans san motif, yon paran/gadyen ap resevwa yon avi alekri ki prezante règ pou prezans lan e yo ka mande pou li vini nan yon konferans. 5 absans san motif ka lakòz patisipasyon Responsab Prezans distri a epi li ka lakòz konsekans ekstèn. Yon timoun ki retounen lekòl apre li te gen yon maladi atrapan dwe gen nòt yon doktè ki deklare timoun nan kapab retounen lekòl anvan pou yo admèt li nan klas la.

Yo atann pou tout elèv rive lekòl la ALÈ. Elèv k ap vini anreta dwe prezans nan biwo prensipal la epi yon granmoun dwe akonpaye li, adilt la pral anrejistre timoun nan ak ekri rezon ki fè timoun nan anreta lekòl. Nenpòt elèv ki anreta plis pase 3 fwa nan yon semès pral oblije gen yon konferans paran. Yo ka refere bay responsab prezans lan tou elèv ki gen pwoblèm reta kwonik yo. Y ap make absan pou jounen an pou elèv k ap rive apre 11:00 AM.

Manje Lekòl: Y ap sèvi dejene ak manje midi chak jou nan kafeterya Curley School yo. Kafeterya a louvri pou manje maten chak jou lekòl ant 8:15 ak

8:35 AM. Tout elèv yo ka patisipe nan pwogram manje maten ak manje midi lekòl la epi TOUT elèv yo kalifye pou resevwa manje maten gratis. Tanpri gade [Kalandriye manje midi nan Boston](#) pou jwenn meni chak mwa yo.

Pwogram Apre-Lekòl/Anvan Lekòl: Pwogram Apre-Lekòl Curley (Curley After-School Program, CASP) fonksyone soti 3:10 pou rive 6:00 PM, chak jou lekòl konplè. Nou pa gen okenn pwogram apre lekòl nan twa jou lekòl lage bonè yo (jou anvan Thanksgiving ak de dènye jou lekòl yo). Pwogram lan ofri sipò pou devwa, anrichisman akademik ak posiblite pou lwazi chak jou. Tanpri gade Direktè Apre-lekòl la, Erika Mercado, pou plis enfòmasyon oswa kontakte li nan emercado@bostonpublicschools.org.

Curley ofri tou yon pwogram Anvan Lekòl pou elèv chak maten ki soti 7:15 rive 8:15 ki kowòdone pa Erika Mercado. Pwogram sa a bay anrichisman akademik, atistik ak sosyal pou elèv nan klas K1-5 pa mwayen yon modèl "klib". Tout elèv k ap patisipe nan Pwogram Anvan Lekòl la dwe ranpli yon aplikasyon pou enskripsyon epi yo dwe anrejistre nan biwo prensipal la. Tanpri konnen *gen yon frè pou patisipasyon*. Gen bous disponib si sa nesesè.

Transpò

Depatman lekòl la bay transpò otobis lekòl pou elèv yo dapre adrès yo. Elèv k ap pran otobis yo dwe monte otobis lekòl la chak jou. Si gen yon chanjman nan plan sa yo epi timoun ou an pa pral monte otobis lekòl la, tanpri avèti pwofesè salklas timoun ou an alekri. Si ou gen yon chanjman dènye minit nan plan ou epi ou pa te kapab voye yon lèt ekri, tanpri rele PA PITA pase 1:30 PM pou nou kapab asire sekirite timoun ou an. San nofifikasyon apwopriye oswa nan bon moman, li ka nesesè pou yo mete timoun ou an sou otobis lekòl li genyen an. Monte bis lekòl la se yon privilèj. Tout elèv yo dwe obeye chofè otobis la epi obsève règ sekirite otobis la. Si yo pa fè sa, sa ap lakòz pèt privilèj pou yo monte otobis lekòl la, kidonk tanpri ensiste sou règ otobis lekòl yo ak timoun ou an. Nan sèten ka yo gendwa òganize lèt chwa arè otobis. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte lekòl la.

Anile Lekòl: Detanzantan li nesesè pou anile lekòl la pou jou a akòz move tan oswa ijans lekòl la. Tanpri sonje koute anons fèmti lekòl pou LEKÒL PIBLIK BOSTON yo.

Bilten Nòt/Kanè: Yo bay bilten nòt yo twa fwa pa ane an desanm/janvyè, mas ak jen. Nan salklas klas 6-8yèm ane pwofesè yo ap voye Rapò sou Pwogrè nan mitan-trimès. Tanpri li epi siyen rapò a, epi voye li tounen nan lekòl la nan jou ki annapre a. Y ap mete li nan dosye timoun ou an.

Enfòmasyon Medikal/Sante: Yo kenbe yon dosye sante pou chak timoun. Elèv ki enskri nan Lekòl Piblik Boston dwe gen yon egzamen fizik. Lwa Massachusetts egzije tou pou timoun ou an pran tout vaksen, ankontan varisèl. Si w pa konfòme w ak lwa sa yo, sa ka mande esklizyon nan lekòl la. Nou gen de enfimiyè plentan nan pèsònèl ki kapab ede fanmi yo pou nenpòt bezwen medikal.

Keilah Santana:

Ksantana@bostonpublicschools.org

April Pumphret:

apumphret@bostonpublicschools.org

Règleman Lekòl Piblik Boston yo deklare yo pa kapab bay yon elèv medikaman (ankontan ponp pou opresyon) pandan jounen lekòl la san yon deklarasyon alekri yon doktè, epi se yon enfimiyè otorize ki dwe bay li. Sèl eksepsyon nan sa a se yon piki epi-pen, ke yon manm pèsònèl la ki resevwa fòmasyon ka bay nan yon ka dijans. Yo dwe fè enfimiyè lekòl nou an konnen enfòmasyon sa a, ansanm ak pwofesè salklas la. Li rekòmande tou pou paran yo avèti pwofesè salklas la pou nenpòt ansyen pwoblèm sante ak pwoblèm nan moman an (tankou alèji, opresyon, elatriye).

Tanpri, n ap fè w konnen: timoun ki gen opresyon ka bay pwòp tèt yo medikaman nan inalèt pa yo si yo gen yon nòt alekri yon doktè epi yo te resevwa fòmasyon kòm sadwa. **Li enpòtan anpil pou lekòl la konnen kimoun pou yo kontakte nan ka dijans. Tanpri asire w lekòl la gen yon nimewo telefòn kontak pou ijans ki ajou.**

Règleman konsènan pou: Curley swiv rekòmandasyon Depatman swen enfimiyè BPS dekri pou reponn a pou. Si yon pwofesè jwenn pou sou

yon elèv oswa yon paran/gadyen fè yon rapò bay lekòl la, y ap avèti enfimiyè a san pèdi tan. Enfimiyè a ap kontakte fanmi timoun lan pou enfòmasyon ak/oswa pataje rekòmandasyon pou tretman. Yo PA eskli timoun yo nan klas la epi yo pa tcheke tèt nan tout klas la. Men, yo ka voye yon avi jeneral nan kay bay fanmi timoun salklas sa a pou lòt paran yo ka vijilan ak pwòp timoun pa yo.

Règleman Tan Deyò a: Annakò ak rekòmandasyon Depatman Swen enfimiyè BPS yo ak estanda akreditasyon NAEYC, Curley defini kritè annapre la yo pou jwe anplennè, avèk itilizasyon Weather Childcare Weather Watch kòm yon gid. Elèv yo ap ale deyò pou rekreyasyon, Jwèt ak edikasyon fizik chak fwa li posib. Sèl eksepsyon nan sa gen ladan:

- Lapli k ap tonbe, zèklè oswa lagrèl
- Glas ki kouvri majorite nan estrikti teren jwèt/jwèt yo
- Tan frèt ki mwenske 30 degre ak yon vitès van 15 milalè oswa piplis
- Tan cho ki depase 90 degre ak yon imidite relatif 60 oswa piplis.

Elèv yo ka ale deyò lè lanèj toutotan gen yon espas yo netwaye ki ase pou yo jwe.

Tout pwofesè yo ankouraje elèv yo pou yo abiye yon fason ki koresponn pou jwe ak aktivite anplennè. Sizoka yo pa abiye kòm sadwa, y ap fè yo rete anndan pou asire sante ak sekirite yo. Yo P AP fè tout klas la rete anndan akòz kèk elèv ki pa abiye kòm sadwa. Men, Curley dwe toujou asire gen ase sipèvizyon nan tout kote toutan. Sizoka gen kapasite limite pou pèsònèl fè sipèvizyon, yo ka oblije fè yon eksepsyon nan règleman ki anwo a.

Pratik Enklizyon: Curley se yon gwo lekòl ki gen yon popilasyon divès kalite moun. Nou akeyi tout elèv ki nan kominote nou an epi nou gen pwogram presi ki ede yon pakèt elèv k ap aprann yo. Pou asire tout elèv yo kapab gen aksè nan pwogram lan ak jwenn siksè, Curley itilize divès kalite estrateji ki gen ladan ansèyman diferansye ak afektasyon estratejik anplwaye adilt pou soutni ak estimile elèv k ap aprann yo nan fason pèsonalize. Anplis, Curley sèvi ak yon anpil kalite zouti pou ede elèv jwenn aksè nan pwogram lan ak kontwole konpòtman yo tankou jwèt ajite, jilè pwa, kousen chèz espesyalize,

elatriye. Si pwofesè salklas ou ap itilize kèk nan resous sa yo avèk timoun ou an, li pral kominike w sa pou asire kontinuite ak pwofite de siksè.

Sipò ak Responsablite Konpòtman pozitif: Estaf lekòl Curley angaje pou devlope yon klima lekòl ki san danje e ki favorab lè yo abòde konpòtman elèv yo nan fason ki jis ak pozitif, annakò avèk twa valè fondamantal nou yo: Nou Sousye De Noumenm, Nou sousye Youn Pou Lòt, Nou Sousye de Lekòl Nou an. Nan Curley, nou itilize kad Entèkansyon ak Sipò Konpòtman Pozitif (PBIS) pou toujou kominike atant nou pou konpòtman elèv yo, nou selebre siksè elèv yo nan salklas yo ak nan kominote lekòl nou an epi elèv yo responsab soutni valè fondamantal nou yo. Pou soutni kad sa a, nou aplike yon pwogram sosyal-emosyonèl lekòl la ki entegre pratik nan *Open Circle ak Office of Equity* pou eksplike elèv yo toutaklè estrateji ki nesèsè pou soutni devlopman sosyal-emosyonèl yo ak pou ankouraje respè pou diferans ant moun.

Tanpri konnen pafwa lè yon timoun gen yon peryòd trè difisil nan klas, yo ka mande yon manm Ekip Administratif la pou vini nan salklas la epi soutni li. Pafwa soutyen sa a fèt dirèkteman nan salklas la oswa nan yon koulwa ki toupre. Sizoka yon timoun pa kapab retounen nan salklas la, yo ka akonpaye li nan yon salklas zanmi pou li pran yon ti repo, sou sipèvizyon, angaje nan aktivite pou kalme li, reflechi epi travay sou konpetans pou soutni preparasyon pou salklas la. Tanpri, konnen objektif prensipal nou se pou tout timoun ynan anviwònman aprantisaj tout kantite tan ki posib nan jounen an. Anplis, tout règleman nou aplike yo annakò ak Kòd Konduit BPS la.

Pou fini, tanpri sonje TOUT anplwaye Curley yo se rapòtè mandate. Sizoka yon timoun rapòtè yon bagay ba yon manm nan pèsonèl Curley konsènan sekirite pèsonèl li andedan oswa andeyò lekòl la, nou ka gen obligasyon pou rapòtè enfòmasyon sa yo.

Entimidasyon: Curley swiv règleman BPS pou entimidasyon. Entimidasyon defini kòm menas fizik, vèbal, relasyonèl oswa sou entènèt ki plede enpoze nan yon relasyon kote gen yon move balans

ou santi nan pouvwa. Si yon paran, yon timoun oswa yon pwofesè rapòtè yon posibilite sityasyon entimidasyon, pwofesè Curley yo gen obligasyon pou fè rapò sa a bay anplwaye administrasyon/konsèy lekòl la. Y ap envestige ensidan an epi rapòtè li bay distri a epi y ap fè paran yo konnen mezi yo te pran. Y ap respekte konfidansyalite elèv ak fanmi yo. Paran yo ka chwazi tou pou rapòtè yon ensidan entimidasyon yo sispèk nan Liy Dirèk BPS la: 617-592-2378.

Règleman Telefòn Selilè: Tanpri konnen lekòl Curley swiv règleman BPS konsènan itilizasyon telefòn selilè nan lekòl yo. Menmsi nou pa ankouraje fanmi yo voye timoun yo ak telefòn, nou konprann li nesèsè pafwa pou kominikasyon anvan oswa apre lekòl. Elèv yo dwe soumèt telefòn selilè pèsonèl yo bay pwofesè salklas la nan kòmansman jounen an epi yo remèt elèv yo telefòn lan nan fen jounen lekòl la epi/oswa kite yo etenn nan sak liv elèv yo pou tout jounen an. *Elèv yo pa dwe itilize telefòn selilè pèsonèl yo ni kenbe yo nan biwo yo oswa sou kò yo okenn lè pandan jounen lekòl la.* Y ap mande pou elèv ki vyole règleman sa a pou soumèt yo bay pwofesè salklas la epi yo pral kontakte paran an. Si yon timoun kontinye vyole règleman an, li ka sibi mezi disiplinè. Nou apresye sipò ou ak koperasyon ou pou règleman sa a.

Teknoloji: Lekòl Curley bay teknoloji ki gen ladan Google Chromebook, Smart Board and iPad nan salklas yo pou elimine baryè yo ak ede tout elèv k ap aprann yo jwenn aksè nan nòm ak pwogram solid grasa prensip konsepsyon inivèsèl pou aprann (Universal Design for Learning, UDL). Nan klas primè yo, elèv yo itilize teknoloji anjeneral pandan tan sant pou ranfòse konsèp debaz oswa pou akomodasyon. Nan pi gwo klas yo, elèv yo gen aksè nan teknoloji pou soutni aprantisaj nan matyè yo, tankou itilizasyon Google Classroom ak aplikasyon sipò Google.

Tanpri konnen BPS te adopte teknoloji Google nan tout vil la kòm sistèm enfòmasyon prensipal nou pou elèv ak anplwaye yo. Sa vle di distri a bay TOUT elèv BPS yon adrès imèl lè yo enskri. Kòm lekòl, nou aktive epi sèvi ak adrès imèl elèv pou elèv ki nan klas 3-5yèm ane pou pèmèt yo jwenn

aksè nan aplikasyon Google yo. Paran timoun nan klas sa yo ap resevwa notifikasyon alekri sou sa ki gen ladan non itilizatè ak modpas presi timoun lan. Elèv ki nan klas K-2 yo **pa** pral gen kapasite imèl men yo pral kapab jwenn aksè nan aplikasyon Google yo.

Lekòl Piblik Boston yo tou gen yon kanpay sekirite cyber tou ki pale sou fason ou kapab ede timoun ou lakay ou pou itilizasyon imèl ki san danje:

(<http://www.bpscybersafety.org/fresources/email.html>). Yon lòt gwo resous BPS rekòmande se www.commonensemedia.org (enskripsyon gratis obligatwa). Nou pral kontwòle aktivite elèv la nan lekòl la, men li enpòtan pou fanmi yo konnen ak kontwòle aktivite timoun yo sou entènèt, tankou itilizasyon imèl nan kay.

Devwa: Devwa se yon pati entegral nan pwosesis aprantisaj kontinyèl epi nou kreye yon politik avèk patisipasyon fanmi ak pwofesè yo. Règleman sa a pral regilye pou tout kategori klas yo (K-2, 3-5 & 6-8). Ekip nivo klas yo ap gen yon plan regilye pou distribisyon devwa, koleksyon ak kontni.

Kwayans osijè devwa:

- Devwa yo dwe gen rapò ak konpetans ak kapasite, ki te devlope pandan jounen/semèn lekòl la.
- Lide santral la sèke etid lakay favorize koperasyon ant lakay ak lekòl, ranfòse kontni ki anseye a ak founi konpetans fonksyonman, jesyon tan ak responsablite.
- Devwa pa dwe janm lakòz enkyetid pou elèv yo ni gwo nivo fristrasyon. Si timoun ou an ap kriye pandan l ap fè devwa akòz difikilte, tanpri voye yon nòt, rele oswa voye yon imèl ba pwofesè a.

Anba a se politik pou chak gwoup klas:

- Elèv ki nan Klas K2-2 ap gen 15 minit lekti chak swa ak yon lòt 15 minit Matematik oswa ELA. Sa pral bay yon maksimòm 30 minit devwa antou chak aswè. Yo pral ankouraje lekti nan wikenn.
- Elèv ki nan Klas 3-5 ap gen 15 minit lekti chak swa ak yon lòt 15 minit Matematik, ELA ak/oswa Syans. Sa pral bay yon maksimòm 45 minit devwa antou chak aswè. Lekt nan wikenn ap obligatwa.

- Elèv ki nan Klas 6-8 ap gen 20-30 minit lekti chak swa ak yon lòt 30-40 minit Matematik, ELA, Syans sosyal ak/oswa Syans. Sa pral bay yon maksimòm 60 minit devwa antou chak aswè. Lekt nan wikenn ap obligatwa epi ka gen travay pwojè alontèm ki dwe fèt nan wikenn yo tou.

Devwa pou Vakans:

- Elèv yo p ap gen devwa obligatwa pandan vakans desanm, fevriye oswa avril. Si yo voye travay lakay yo, y ap konsidere li kòm kredi siplemantè pou peryòd la. Men, ap gen lekti dete obligatwa pou tout elèv ki nan K-8 an jiyè ak out.

Gid pou Paran yo:

- Fè devwa vin yon priyorite.
- Pran yon enterè aktif nan sa timoun ou an ap fè.
- Bay yon kote ki trankil pou timoun ou an fè devwa.
- Asire timoun ou an soumèt devwa lakay li atan.
- Gide ak sipèvizè, men pa fè devwa yo pou timoun ou an.
- Ankouraje vizit nan bibliyotèk.
- Li awotvwa pou timoun ou, epi fè timoun ki pi gran yo fè lekti pou pi piti yo.
- Fè timoun ou fè ekilib ant devwa li, aktivite fizik ak lwazi.

Konferans Paran/Pwofesè: Yo atann pou tout paran vini nan Jounen Pòt Louvri nan **27 setanm soti 5:00 rive 7:00 PM** pou rankontre pwofesè timoun yo epi tande politik ak pwosedi enpòtan pou salklas yo . Konferans fanmi endividyèl yo ap fèt sou randevou nan fen mwa desanm-janvyè. Ou ka rele biwo lekòl la oswa pwofesè timoun ou an dirèkteman pou pran randevou.

Pwogram dete: Chak ete BPS ofri yon seri pwogram, ni akademik ni anrichisman, pou elèv ki nan klas K1-8. Konseye pedagogik nou yo ap voye enfòmasyon sou posiblite pwogram dete yo nan distri a ak ozalantou distri a nan kòmansman sezon prentan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite aprantisaj dete yo tanpri kontakte **Cristina Silva - K-3:** csilva4@bostonpublicschools.org **Sugeily Santos - Klas 4-8:** ssantos2@bostonpublicschools.org

Konsèy Paran Lekòl (School Parent Council, SPC):

Konsèy Paran Lekòl Curley a travay avèk Direktè a pou konstwi yon kominote lekòl enklizif, soutni evènman nan tout lekòl la ak kolekte lajan pou priyorite lekòl la Konsèy Sit Lekòl la dekri. Konsèy la rankontre chak mwa. Dat ak lè yo varye. **Tout paran yo manm SPC a otomatikman e yo ankouraje pou yo vini ladan.**

Konsèy Sit Lekòl (School Site Council, SSC):

Konsèy Sit Lekòl (SSC) gen ladan paran, pwofesè ak direktè lekòl la. Wòl ekip la se jere fonksyonman lekòl la ki gen ladan apwouve bidjè lekòl la, defini politik ak etabli patnè kominotè/inivèsite. Eleksyon pou reprezantan Konsèy Sit Lekòl la ak manm Konsèy Paran te fèt nan mwa jen 2018 pou nou te ka derape.

Ou gen kesyon sou Konsèy Paran Lekòl la (SPC) ak Konsèy Sit Lekòl la (SSC)? Èske w ap mande w kilè/kijan pou w patisipe? Tanpri kontakte Ko-prezidan SPC nou yo Heidi Brooks (heidibrooks@yahoo.com) ak Jess London-Rand (jlondonrand@gmail.com).

Volontè Paran/Gadyen legal: Yo ankouraje fè volontè nan Curley e nou toujou bezwen yo. Nou rekonèt gen anpil fason paran yo kontribye nan kominote nou an. Kèk nan sa yo enkli:

- Volontè Anvan/Apre-lekòl
- Volontè Sal manje midi/Lakou lekòl

- Volontè nan Salklas
- Sipèvizè Gwoup Pwomnad
- Tradiksyon Oral/Ekri
- Ak PLIS TOUJOU!

Pou rezon sekirite, paran/gadyen yo dwe sibi ak pase nan yon verifikasyon istwa pase CORI/SORI anvan yo sèvi kòm volontè.

Liv lekòl: Yo prete pou elèv yo gratis manyèl ak lòt liv lekòl. Yo dwe trete liv yo avèk anpil swen epi tounen yo nan lekòl la nan bon eta. Paran yo ap responsab peye pou liv ki pèdi ak andomaje.

Pwomnad: Ap gen posiblite pou elèv yo patisipe nan aktivite andeyò lekòl la. Nan ka sa, paran yo dwe li epi siyen yon fich otorizasyon detaye. Yo p ap pèmèt okenn elèv patisipe nan yon pwomnad san yon fich otorizasyon ki siyen. Apèl nan telefòn oswa mesaj tèks *pa* yon ranplasman ki akseptab pou yon fich otorizasyon ki siyen. Paran/gadyen/manm fanmi ki vle sipèvizè yon gwoup pwomnad DWE sibi epi pase fòm CORI/SORI a epi yo dwe laj 18 lane omwen.

Enfòmasyon pou Ijans: Nou kenbe dosye ijans konfidansyèl pou chak elèv. Li enpòtan pou lekòl la gen yon nimewo telefòn valab pou chak timoun, ansanm ak non ak nimewo telefòn yon lòt granmoun responsab omwen ke yo ka kontakte nan kadijans.

KONTRA KOMINOTE CURLEY

ELÈV, FANMI, PWOFESE AK ADMINISTRATÈ K AP TRAVAY ANSANM

NOU SOUSYE DE NOUMENM, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN #CURLEYCARES

ANTANKE ELÈV CURLEY:

- M AP RESPEKTE ATANT YO POU KONTRIBYE POU BATI YON KILTI KONPASYON; *NOU SOUSYE DE NOUMENM, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- M AP VINI LEKÒL REGILYÈMAN, RIVE ALÈ EPI VIN TOUPARE POU APRANN.
- MWEN PRAL KWÈ MWEN KA REYISI EPI FIKSE GWO ATANT POU TÈT MWEN.
- M AP ANGAJE AKTIVMAN NAN PWOSESIS APRANTISAJ LA TOUJOU AP ESEYE TOUT SA MWEN KAPAB AK ANKOURAJE KAMARAD KLAS MWEN YO FÈ MENM JAN.

ANTANKE YON MANM FANMI/GADYEN CURLEY:

- M AP RESPEKTE ATANT YO POU KONTRIBYE POU BATI YON KILTI KONPASYON; *NOU SOUSYE DE NOUMENM, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- ASIRE TIMOUN MWEN AN VINI LEKÒL REGILYÈMAN, RIVE ALÈ EPI VIN TOUPARE POU APRANN.
- MWEN PRAL KOMINIKE KONVIKSyon MWEN KE TIMOUN MWEN AN AP REYISI EPI FIKSE GWO ATANT POU SOUTNI APRANTISAJ TIMOUN MWEN AN.
- MWEN PRAL FÈ PATENARYA AVÈK PWOFESE AK ADMINISTRATÈ YO POU KONPRANN OBJEKTIF APRANTISAJ NAN TOUT LEKÒL LA AK NAN NIVO KLAS POU KONPRANN KIJAN MWEN KA SOUTNI APRANTISAJ LA LAKAY MWEN.

ANTANKE PWOFESE CURLEY:

- M AP RESPEKTE ATANT YO POU KONTRIBYE POU BATI YON KILTI KONPASYON; *NOU SOUSYE DE NOUMENM, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- M AP ANGAJE NAN KOMINOTE CURLEY A AK ADOPTE INISYATIV NAN TOUT LEKÒL LA.
- M AP FIKSE GWO ATANT POU TOUT MOUN EPI KWÈ TOUT ELÈV YO PRAL REYISI.
- MWEN PRAL TRAVAY KÒM PATNÈ AVÈK FANMI YO NAN EDIKASYON TIMOUN YO.

ANTANKE ADMINISTRATÈ CURLEY:

- M AP RESPEKTE ATANT YO POU KONTRIBYE POU BATI YON KILTI KONPASYON; *NOU SOUSYE DE NOUMENM, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- M AP FIKSE GWO ATANT POU TOUT ELÈV, FANMI, PWOFESE AK ADMINISTRASYON AK PATNÈ NAN KOMINOTE A.
- M AP ANKOURAJE YON ANVIWÒNMAN ENKLIZIF KI SELEBRE DIFERANS KI GENYEN NAN ELÈV YO AK NAN FANMI YO.
- M AP BAY FANMI YO BON POSIBLITE POU PATISIPE NAN LEKÒL LA AK NAN EDIKASYON TIMOUN YO.

TANPRI SIYEN KI ANBA LA A POU APWOUVE AKÒ OU AK KONTRA SA A.

ELÈV CURLEY

MANM FANMI CURLEY

PWOFESE CURLEY

KATHERINE GRASSA
ADMINISTRATÈ CURLEY